



LEKÒL SEGONDÈ GRATIS POU ADILT

Excel Center® se yon lekòl piblik gratis ki ofri adilt yo posibilite pou jwenn yon diplòm lekòl sekondè Indiana Core 40 epi kòmanse edikasyon apre lekòl segondè. Anplis de yon diplòm lekòl sekondè, elèv yo pral resevwa sètifika ke yo rekonèt nan endistri a ak/oswa kredi pou fakilte gratis. Modèl Excel Center a kapab ede retire baryè nan edikasyon epi bay moun yo pouvwa pou yo reyalize objektif yo.

Kisa Ki Fè Nou Diferan?

Yon rapò rechèch 2019 ki te fèt pa Laboratwa pou Opòtinite Ekonomik (Laboratory for Economic Opportunities, LEO) nan University of Notre Dame te dekouvri ke ogmantasyon salè mwayen pou yon diplome Excel Center se apeprè \$9,000; sepandan, kwasans salè a ogmante plis pase \$12,000 pou chak diplome lè yo konsidere sèlman moun ki nan mendèv la (eksepte patisipan ki nan fakilte yo ak moun ki p ap travay yo). Goodwill te pran yon angajman pou kenbe yon relasyon aktif epi ki bay sipò pou chak diplome jiskaske yo resevwa yon diplòm apre lekòl segondè epi/oswa jiskaske yo vin entegre mache travay la.

Kiyès Ki Ka Enskri?

Excel Center enskri elèv k ap viv nan Indiana epi ki pa genyen yon diplòm lekòl segondè.



Core 40
Diplòm Lekòl Segondè



Pwogramasyon
Fleksib



Fakilte Gratis
Kou yo



Sètifikasyon Gratis
Ke yo Rekonèt nan Endistri a



Gadri sou Plas



Asistans
pou Transpò

KI ENPAK

EXCEL CENTER FÈ?



4,200+

Elèv te enskri nan ane lekòl 2022-23 a



7,800+

Sètifikasyon ki rekonèt nan endistri a resevwa soti lane 2010



8,000+

Diplome depi lane 2010



99%

Pousantaj preparasyon pou fakilte ak karyè nan lane lekòl 2022-23 a

Sètifikasyon ke yo Rekonèt nan Endistri a

Excel Center ofri plis pase de douzèn sètifikasyon, ki gen ladan:

- Fabrikasyon Avanse
- Edikasyon
- Ospitalite
- Medikal
- Mendèv Kalifye
- Teknoloji
- Transpò

Istwa Nou

Excel Center te louvri nan lane 2010 ak yon sit nan Indianapolis ki t ap dirije pa Goodwill Education Initiatives, antrepriz ki pa la pou fè pwofi ki kreye pa Goodwill Sant ak Sid Indiana. Depi kòmansman senp li yo, Excel Center te fè reysisit enkwayab, ak enpak yo ka mezire nan kominote a, ap fè fonksyone 16 kanpis nan sant ak sid Indiana. Nan lane 2013, Excel Center te elaji nan tout peyi a epi kounye a l ap dirije pa Goodwill ki sitye nan tout Etazini. Vizite excelcenter.org/nationaloffice pou aprann plis sou travay elajisman nou an.